


# Bilten

## sou Ranfòsman Pèch Maritim nan Depatman Sidès la.



2 gwo pwoblèm pèch la genyen pwojè a vle rezoud se mank materyèl pèch ak enfrastrikti pou vann pwason.

### Ki objektif bilten sa a?

*Objektif bilten sa a se rive enfòme tout moun kap travay nan zafè pèch andan depatman sidès la sou tout sijè ki gen awè ak devlopman pèch la nan depatman sila a. Sitou, bilten an ap gen pou li enfòme nou sou divès objektif ak aktivite « Pwojè ranfòsman Pèch Maritim nan Depatman sidès la », Ministè Agrikilti (MARNDR) ap ekzekite gras ak yon finansman Koperasyon Espanyòl. Bilten sa a ap gen pou li sòti chak twa (3) mwa; konsa tou kapab gen lòt nimewo anvan lè pou enfòme nou sou evènman ak aktivite espesyal.*

### Pwojè Ranfòsman Pèch Maritim la nan Depatman Sidès la

#### Kisa ki objektif « Pwojè Ranfòsman Pèch Maritim la nan Depatman Sidès la » ?

Objektif jeneral pwojè sa a se rive ede kominote pechè ak machann pwason nan sidès la jwenn yon lavi miyò nan travay pou genyen yon pi bon devlopman pèch atizanal la.

#### Ki moun kap benefisye pwojè sa a tout bon vre?

Moun kap benefisye pwojè sa a tout bon vre, se pechè ak machann pwason ki nan asosyasyon nan 8 komin ki sou kòt sidès la, tankou Kotdefè, Benè, jakmèl, Kay-jakmèl, Marigo, Bèlans, Grangozye, Ansapit, ki montre aklè volonte yo genyen pou travay pou devlopman pèch la tout bon vre nan chak zòn sa yo nou sòti site la a.

#### Ki objektif espesifik pwojè a ?

Objektif espesifik pwojè a se :

- Ede pechè ak machann pwason yo byen oganize yo ak jwenn bonjan fòmasyon.

- Ede pechè yo jwenn mwayen pou kenbe plis pwason san mete lavi yo andanje.
- Ede machann ak moun kap fè kòmès pwason byen kosève ak byen vann pwodwi sa a.
- Ede pechè yo byen jere resous marin yo.
- Ede Direksyon Depatmantal Agrikòl Sidès la (DDASE), Direksyon Pèch ak Akwakilti (DPAQ) ansanm ak lòt entitisyon kap travay ak pechè jwenn mwayen pou reponn a bezwen kominote pechè yo ki nan depatman sidès la.

#### Kiyès kap travay nan pwojè sa ? Ki kote biwo pwojè a ye?

Direksyon pwojè a genyen yon direktè pwojè ak yon asistan teknik. Ekip teknik pwojè a genyen ladann yon enjenyè sivil, 8 agwonòm, (9) pechè-anketè kap travay nan divès komin yo (gade nan paj 8 wap jwenn plis detay). Pwojè a genyen ladann tou yon sekretè, yon kontab, yon chofè, ak yon moun ki la poufè swivi done estatistik sou la pèch yo. Biwo santral pwojè a twouve'l nan DDASE a, nan nimewo 11, nan Ri Dèrakèt, nan vil Jakmèl.

#### Adrès kote nou ka jwenn enfòmasyon

1) Biwo Santral Pwojè a nan Jakmèl, 11 Ri Dèrakèt, Direksyon Depatmantal Agrikòl Sidès (DDASE),

2) Ministè Agrikilti nan Damyen, Rout Nasyonal # 1

Bilten sa a ap disponib sou sit entènèt Ministè Agrikilti a nan:  
[www.agriculture.gouv.ht](http://www.agriculture.gouv.ht)



Fasad deyò biwo pwojè a ki nan DDASE, vil jakmèl, pwojè a te fè yon pase men ladann pou l te kapab fè l sèvi biwo santral li.

### Kilè pwojè a te komanse?

Pwojè a te komanse ofisyèlman nan mwa fevrye 2007, men se nan mwa jiyè 2007 la nou te ka kòmanse fè depans.

### Kilè pwojè a ap fini?

Lajan ki la kounye a ap pemèt nou fè aktivite rive jis nan fen ane 2010 la, men avèk yon posibilite pou pwojè a rete pi lontan ankò. Antouka, developman pèch atizanal la, amelyorasyon kondisyon lavi pechè ak machann pwason yo ak

amenajman dirab resous yo se objektif ki mande bon ti tan anvan pou atenn yo ak anpil travay. MARNDR ak Koperasyon Espanyòl deside akonpaye tout kominote pechè ki nan sidès la toutan ki nesèsè si kominote pechè yo montre enterè yo genyen nan travay ansanm pou devlope pèch la nan depatman sidès la.

### Konbyen lajan pwojè sa koute ?

Bidjè ki la kounye a pou pwojè a, se

anviwon 34 milyon goud. Gen yon lòt kantite lajan, anviwon 30 milyon goud (30 000 000 goud) ki te apwouve, men ki poko janm disponib. Nan lajan sa a, de tyè (2/3) dwe investè nan achte materyèl ak mete enfrastrikti kanpe pou sèvi pechè yo, machann yo DDASE ak DPAQ. Lòt yon tyè (1/3) ki rete a dwe depanse nan aktivite pou sansibilizasyon, akonpayman ak fòmasyon pou pechè ak machann, nan peye teknisyen ak espè k ap travay nan pwojè a, ak nan frè fonksyonman pou pwojè a.

### Ki aktivite pwojè a deja fè pou pechè yo ?

Jiska prezan, aktivite pwojè a konsantre sou de (2) premye objektif li yo tankou :

- Ede asosyasyon pechè ak machann pwason yo nan sidès la jwenn mwayen pou byen òganize yo ak jwenn bonjan fòmasyon.
- Yon lòt kote ede pechè yo ogmante kantite pwason yap kenbe san yo pa mete lavi yo andanje.

Piba nap jwenn plis detay sou tout aktivite ki gen awè ak objektif pwojè a.

## Pwojè a ap ede asosyasyon pechè ak machann pwason sidès yo pi byen òganize yo nan fè yo jwenn bon fòmasyon

### Ede asosyasyon pechè ak machann yo jwenn rekonesans legal.

Nan mwa oktòb 2007 la, pwojè a te pran konpayi «Aquasol» pou l te kapab chèche konnen ki kantite asosyasyon pechè ki genyen nan Sidès la, pou bay manb asosyasyon sa yo fòmasyon sou kòman yon asosyasyon dwe mache, epi pou l tou regle zafè legalizasyon nan meri yo ak nan Ministè Afè Sosyal ak Travay (MAST) pou 25 asosyasyon yo jwenn nan moman ankèt sila a. Gwo reta ki te genyen nan ranpli fòmalitye pou jwenn rekonesans legal la te rive akòz yon seri pwoblèm nan swivi dosye yo lakay Aquasol. Reta sa yo te lakòz kèk asosyasyon refè yon seri pyès pou retounen dosye yo konplè. Gen dosye 9 asosyasyon ki deja nan biwo MAST. Gen dosye 16 lòt konpayi Aquasol te tounen yo bay asosyasyon yo pou fin konplete

dosye yo avan pou yo pote yo tounen nan MAST. Gen kèk asosyasyon ki poko janm voye dosye tounen nan MAST. Nan sans sa, pwojè a ap pwofite okazyon sa a pou l di asosyasyon sa yo kite oblije revoye kèk pyès tounen nan MAST pou konplete dosye yo, pwojè ap remèt yo lajan yo te depanse anplis pou te refè dosye yo. Pandan « Aquasol » tap fè tout travay sa yo, pwojè a bò kote pa l tap ede 18 lòt asosyasyon regle fòmalitye pou jwenn rekonesans legal yo. Kounye a, pwojè a rekonèt gen 42 asosyasyon pechè ak machann pwason nan tout depatman Sidès la.

**Gwo pwoblèm ki genyen se yon ekip asosyasyon kap pouse tankou djondjon pou wè si yo kapab rive benefisye de pwojè a.** Vini pwojè a nan divès komin yo bay nesans ak yon pakèt asosyasyon pechè ak machann ki pat eksiste avan sa. Anpil nan asosyasyon sa yo parèt lejitim, paske manb yo montre volonte ak angajman yo genyen pou travay ansanm pou kontribye nan developman

pèch la andan asosyasyon an ak andan komin nan. Poutan, gen lòt asosyasyon ki te fòme petèt pou te pemèt manb li yo jwi aktivite pwojè a, tankou jwenn materyèl pèch, san manb li yo pa gen okenn volonte ak angajman pou travay ansanm pou developman pèch la. Pwojè a gen obligasyon pou l fè diferans nan mitan asosyasyon kap fonksyone kòm asosyasyon tout bon vre ak lòt kap fonksyone sou «papyè» pou vinn sèlman apiye asosyasyon kap jwe wòl yo tout bon vre, se sèl fason pou yo rive atenn objektif pwojè a. Nan sans sa, sòf nan kèk ka, pwojè a pa rekomande fòmasyon lòt asosyasyon paske asosyasyon sa yo ap manke lejitimite devan je pwojè a ak devan je lòt asosyasyon ki te deja ekziste yo. Pwojè a ankouraje ak tout fòs li, tout pechè ki poko nan asosyasyon pou yal ranfòse lòt asosyasyon ki deja ekziste yo, olye yal fòme lòt asosyasyon tou nèf. Avèk 42 asosyasyon ki deja ekziste nan depatman sidès la, pwojè a pa kapab garanti nouvel asosyasyon sa yo ap kapab benefisye pwojè a. Pi

Iwen, pou kapab vin benefisyè pwojè a, 42 asosyasyon ki deja ekziste yo ap gen pou konpòte yo kòm asosyasyon (ale nan 7 pou kapab jwenn plis detay).

### Kreyasyon yon rezo Komite Kominal pou swivi Pèch la (CCS).

Sòti mwa jiyè 2008 rive mwa janvyè 2009 pwojè a te rive mete CCS yo kanpe nan 8 komin kotyè depatman sidès la. CCS la se yon komite kote moun yo ap travay gratis, li dwe pèmèt chita pale fèt nan mitan asosyasyon pechè ak machann yo ki nan komin nan, Direksyon pwojè a ansanm ak otorite ki nan komin yo ak depatman an. CCS la kapab gen ladann tou manb sosyete sivil la ki enterese nan zafè pèch la ak lòt reprezantan enstitisyon lokal yo oubyen moun kap travay pou devlopman pèch la nan komin nan, tankou ONG yo, sektè prive a, elatriye. CCS yo la pou pèmèt pwojè a byen mache. Nan sans sa a, 42 asosyasyon pechè ak machann pwojè a rekonèt yo twouve yo andan divès CCS yo nan depatman Sidès la. Men, li enpòtan pou konnen, nan kèk komin kreyasyon CCS yo te bay anpil pwoblèm nan mitan manb yo. Pwoblèm sa yo te deranje bon dewoulman pwojè a, sa mandeyon refleksyon sou wòl ak responsablite CCS yo devan pechè ak machann yo ak devan pwojè a (pou rive konnen plis



*Agwonòm Wilner Romain nan yon chita pale ak reprezantan asosyasyon yo nan Ansapit pou te planifye nan mwa oktòb 2008 fòmasyon CCS Ansapit la. CCS la enpòtan anpil pou pèmèt pwojè a rive nan bout li.*

bagay sou wòl ak responsablite yo ak CCS la, ale nan pa 6).

### Divès apwi pwojè a ap pote bay asosyasyon yo.

Depi mwa jiyè 2008, gen yon agwonòm ki la nan chak komin kotyè nan depatman Sidès la kap travay sou teren an avèk divès asosyasyon yo. Agwonòm sa yo responsab pou kòdone aktivite pwojè a nan komin sa a ak bay pechè ak machann yo bonjan akonpayman, ankadreman ak fòmasyon. Agwonòm sa yo te gen responsablite pou:

- Ede chak komin nan mete kanpe Komite Kominal Swivi a (CCS nan lang franse);

- Ede yo nan rezoud pwoblèm ki genyen nan mitan manb asosyasyon ki nan CCS yo;
- Fè divès fòmasyon pou pechè ak machann yo.
- Mennen ankèt sou materyèl pechè yo te pèdi aprè siklòn yo ki te pase nan mwa out ak septanm 2008 ansanm ak divès lòt enfòmasyon ki bon pou devlopman pwojè a.
- Voye je ansanm ak CCS yo sou aktivite sansibilizasyon pwojè a te fè nan divès fèt patwonan nan sis komin sa yo : Marigo, Grangozye, Bèlans, Ansapit, Kotdefè, Jakmel.



*Agwonòm yo ki andan pwojè a nan yon fòmasyon sou DCP nan peyi Gwadeloup nan mwa jen 2008 la. Agwonòm sa yo ak lòt espè lokal tankou rejyonal pral gen pou fè fòmasyon pou pechè yo.*

**Fòmasyon pou pechè ak machann pwason yo.** Pwojè a konnen enpòtan fòmasyon genyen pou pechè ak machann yo. Se pou sa, avan li fè yo jwenn fòmasyon yo, sou divès sijè ki gen avèk ak pèch, tankou sou teknik pèch ak DCP ak sou tretman pwason, li vle pou asosyasyon pechè yo jwe wòl yo tout bon vre andan pwojè a. Nan sans sa a, pwojè a te oganize

yon seri fòmasyon sou fonksyonman asosyasyon yo nan chak komin yo. Se agwonòm ki nan komin yo menm ki te responsab fè seyans fòmasyon sa yo. Konsa, plis pase 450 moun ki sòti nan 41 asosyasyon pechè ak machann nan 8 komin depatman an te pran fòmasyon sou fonksyonman asosyasyon yo.

**Pwojè a ap ede pechè yo jwenn mwayen pou rive kenbe pi plis pwason ak travay san yo pa mete vi yo an danje.**

**Devlopman pèch la nan sèvi ak Dispozitif Konsantrasyon Pwason yo (DCP nan lang franse).**

Youn nan pi gwo objektif pwojè sa a se rive devlope yon pèch sou DCP ki ka dire anpil tan. Nan sans sa, pwojè a te fè yon seri aktivite sansibilizasyon, fòmasyon sou DCP ak akizisyon materyèl DCP yo, nap wè yo pi ba.

**Pwojè a te pèmèt yon bwase lide nan mitan pechè yo ak yon fòmasyon sou DCP pou ekip pwojè a.** Nan mwa jen 2008, pwojè a te pèmèt 16 pechè ki sòti nan depatman sidès ale nan depatman Grandans, kote yo te al bwase lide ak pechè nan komin Abriko sou eksperyans yo fè nan pèch sou DCP a. Toujou nan menm mwa jen 2008 la, pwojè a te jwenn yon fòmasyon sou DCP nan peyi Gwadeloup, kote pechè yo avanse anpil nan zafè pèch sou DCP, fòmasyon sa te jwenn apwi Anbasad peyi Lafrans. Pandan fòmasyon sa a, ekip pwojè a te familiarize l ak divès materyèl amelyore ki ka ede DCP yo rete lontan.

**Pwojè a achte materyèl pou 16 DCP amelyore.** Nan mwa janvyè 2009, pwojè a te achte divès materyèl amelyore ki sèvi nan peyi Gwadeloup pou monte 16 DCP. Kòm pa gen materyèl sa yo nan peyi Dayiti, pwojè a te oblije kontakte responsab distribisyon yo dirèkteman, sa te lakòz aktivite pou monte ak poze DCP yo ralanti ansanm ak fòmasyon sou pèch sou DCP a. Materyèl yo rive nan peyi Dayiti jou ki te 16 avril 2009 la, pou kounye a yo nan depo ki nan DDASE a nan vil Jakmèl. Kantite DCP ki pral poze, ki kote yo pral poze ak yon kalandrye sou divès fòmasyon sou DCP pral fèt nan yon chita pale ak pechè yo nan chak komin.

**Amelyorasyon anbakasyon yo.**

Pou rive fè bonjan pèch sou DCP san w pa mete lavi w an danje, li enpotan pou pechè yo gen bonjan anbakasyon. Nan sans sa, pwojè a gen tan fè kèk aktivite ke nou kapab wè pi ba.

**Pwojè a fè asosyasyon pechè yo jwenn 8 anbakasyon ki fèt ak fib de vè.** Nan mwa janvyè 2009 la, pwojè a te rive fè yon eksperyans ak yon anbakasyon ki fèt ak fib de vè ki fèt nan peyi a, li mezire 20 pye longè ak yon motè 40 chevo. Pechè ki nan chak komin yo te



*Agwonòm Ahmed Amy ap dirije yon fòmasyon pou pechè ak machann nan Grangozyè sou fason pou yo jere asosyasyon yo. Pechè ak machann ki nan 7 lòt komin yo gentan resevwa menm fòmasyon sa a. Nan yon tan ki pap twò lwen ap gen lòt fòmasyon kap vini, toujou sou zafè pèch la.*



*Bwase lide sou pèch sou DCP yo ant pechè sidès ak pechè ki sòti nan komin Abriko, nan depatman Grandans la.*

gen chans eseye l pou wè si modèl sa a ap bon pou pechè yo.

**Pwojè a ap kòdone acha 38 anbakasyon Xunta de Galicia ap bay asosyasyon pechè sidès yo.** Nan lide pou kontinye eksperyans sa a ak pou amelyore anbakasyon yo, nan mwa mas 2009 la, pwojè a te fè yon seri ankèt bò kote CCS yo pou te ede l chwazi lòt anbakasyon yo pral fè pechè sidès yo jwenn kòm èd aprè siklòn ki te pase yo. Èd sa a sòti nan men Xunta de Galicia, yon gouvènman nan yon rejyon peyi Lespay, ki deside bay **7 milyon goud** pou vinn kore pwojè a. Pwojè a te montre reprezantan

asosyasyon pechè ki nan CCS yo 3 modèl anbakasyon pou yo te konnen ki modèl kap pi bon pou benefisyè yo peche sou DCP. Nan 2 modèl ki fèt nan peyi a, gen youn ladan yo asosyasyon pechè yo te jwenn nan mwa janvyè 2009 la. Anviwon 92% reprezantan yo te chwazi modèl 22 pye (6.6 mètr) ki fèt ak fib de vè a, ki sòti nan peyi Kolonbi, se yon ONG ki rele « Food for the Poor » ki konn sèvi avèk anbakasyon sila a nan kad yon pwojè ki rele « village de pêche ». Nan sans sa, pwojè a te chèche jwenn Bernard Chauvet, ki se responsab pwojè pèch nan « Food for the Poor » pou mande konsèy sou modèl anbakasyon 22 pye a.



*Youn (1) nan 8 anbakasyon ki fèt ak fib de vè pwojè a te fè asosyasyon pechè sidès yo jwenn nan mwa janvyè 2008.*

Pandan chita pale sa a, Bernard Chauvet te rekòmande yon lòt modèl 18 pye ki sòti lakay menm konpayi a, ki koute mwens lajan pou achte ak transpòte l. Lè pwojè a fin gade pawòl pechè yo ak konesans teknik espè Food for the Poor a, pwojè a mande Xunta de Galicia pou li achte e peye pote nan peyi Dayiti yon lo 20 anbakasyon ki mezire 18 pye ak yon lòt kantite 18 anbakasyon ki mezire 22 pye kap koute kantite lajan Xunta de Galicia tap bay la. Anbakasyon sa yo ap rive nan peyi Dayiti nan mwa jen 2009 la. Pwojè a li menm ap gen pou kore aktivite sa a nan peye frè ladwan ak pou transpòte yo nan vil Jakmèl, nan achte 38 motè pou anbakasyon sa yo. Se nan chita pale ak reprezantan asosyasyon pechè yo ak lòt espè nan peyi a yap rive chwazi pwisans motè yo.

Li enpòtan pou konnen, pou asire yon bon itilizasyon materyèl sa yo, fason distribisyon 38 anbakasyon ak motè sa yo pra l fèt nan chita pale avèk divès reprezantan asosyasyon pechè yo pou detèmine bezwen chak komin.

**Distribisyon èd aprè siklon yo.**

Après siklòn yo te fin ravaje peyi Dayiti nan mwa out ak sekatanm 2008 la, pwojè a te angaje'l nan ede pechè yo ranplase yon pati nan materyèl pèch yo te pèdi. Nan mwa oktòb ak novanm 2008 yo pwojè a te fè yon seri ankèt bò kote pechè yo

pou te konnen kantite materyèl pèch ki te pèdi. Nan mwa janvyè 2009 la, pwojè a te obije angaje yon konpayi pou achte ak distribiye materyèl pèch sa yo reprezantan asosyasyon ki nan CCS chak komin yo te mande. Nan sans sa a, nap fè w konnen te gen gwo reta nan acha ak nan distribisyon materyèl sa yo. Reta sa a te rive akòz konpayi a pat kapab jwenn nan peyi Dayiti kantite materyèl li te bezwen pou bay tout 42 asosyasyon yo, se nan peyi etranje li te oblije voye achte yo. Malgre tout pwoblèm sa yo, kèk asosyasyon nan komin Kay-jakmèl, Bèlans ak Ansapit te deja kòmanse ap resevwa materyèl yo.

Nan aktivite ki gen awè ak ranplasman materyèl yo, li enpòtan pou n di w tou te gen ti pwoblèm nan tip ak kalite kèk materyèl asosyasyon yo te jwenn nan. Sitou kèk nan asosyasyon pechè yo te plenyen pou kalite nas yo te jwenn nan. Nan sans sa a, pwojè a ta renmen fè tout asosyasyon yo konnen, pou'l kapab ranplase tout materyèl yo di ki pa bon yo, yo dwe swiv etap sa yo : (1) resevwa materyèl yo, (2) voye yon lèt bay Direksyon pwojè a pou eksplike an detay rezon ki fè yo di gen nan materyèl yo ki pa bon, (3) di kisa pwojè a ta dwe fè avèk yo.

Direksyon pwojè a pral analize chak ka



*Sa se modèl anbakasyon « food for the Poor » a, anpil reprezantan asosyasyon pechè sidès yo pi renmen an. 38 nan bato sa yo (18 ak 22 pye) pral disponib pou asosyasyon pechè sidès yo nan kòmansman seson été a. Èd sa sòti nan men Xunta de Galicia ak pwojè a.*



*Kèk nan materyèl pèch yo, tankou liy, filè, nas ak anbakasyon pwojè a te fè pechè nan divès komin yo jwenn pou ranplase materyèl ki te pèdi pandan sezon siklòn nan. Foto sa te fèt jou ki te 25 mas 2009 la nan komin Marigo.*

sa yo grenn pa grenn epi pran angajman pou'l ranplase yo, si li reyalize kalite ak tip kèk materyèl pa bon vre. Direksyon pwojè a ap tou pwofite di pechè yo ankò gen kèk materyèl pwojè a pap ka bay tankou sa kap fè nou kenbe pwason ki twò piti yo, tankou nas ki gen ti may.

### **Kisa pwojè a pra'l gen pou'l fè ki pi enpòtan, sòti mwa me pou rive mwa jen 2009 ?**

#### **Distribisyon materyèl pèch aprè siklòn yo.**

Daprè yon kalandrye konpayi a te bay nan fen mwa mas 2009 la sou fason acha ak distribisyon materyèl pèch yo fèt, tout asosyasyon ta dwe resevwa materyèl yo te mande yo sòti mwa avril pou pita rive nan mwa me 2009 la.

#### **Idantifikasyon pou pechè ak machann pwason nan chak komin ki sou kòt la: Kat ki pou di kiyès yo ye.**

Pou rive satisfè bezwen tout moun kap viv sou zafè pèch nan sidès la, pwojè a pral fè yon seri ankèt sou fason manb asosyasyon pechè ak machann yo ap viv ak sou fason yap travay. Ankèt sa yo ap kòmanse nan mwa jen 2009 la. Se moun andan komin nan kap gen pou fè ankèt yo. Aprè ankèt sa yo, chak moun ap gen pou resevwa yon kat didantifikasyon kap sòti nan MARNDR kap fè yo rekonèt yo se moun kap viv de la pèch.

#### **Aktivite sansibilizasyon ak vilgarizasyon pandan fèt patwonat vil Jakmèl la.**

1<sup>er</sup> me 2009 pwojè a konte patisipe nan

fèt patwonat Sen Jak ak Sen Filip nan vil jakmèl, yon fason pou kapab rive bay tout moun sa enterese plis enfòmasyon sou objektif ak aktivite pwojè a.

#### **Planifikasyon sou poz, itilizasyon ak antretyen DCP yo.**

Avan DCP yo poze, Pwojè a ak pechè nan chak komin dwe chita ansanm pou rive mete bonjan baz nan òganizasyon yo pou pèmèt yon bon itilizasyon ak bon antretyen DCP yo. Jwenn fason tou pou kolekte lajan pou itilizasyon DCP yo, lajan ki pral sèvi pou antretyen DCP yo, ak yon règleman pou jesyon materyèl pèch kolektif yo dwe klè epi jwenn akò tout pechè nan divès komin yo.

**Planifikasyon pou distribisyon, itilizasyon ak antretyen anbakasyon Xunta de Galicia yo ak fason yap rive nan Sidès la.** 38 anbakasyon Xunta de Galicia fè kominote pechè yo nan Sidès la jwenn nan, pou kore pwojè a, sanble

ap rive nan depatman Sidès la sòti mwa jen pou rive mwa jiyè 2009. Men avan pechè yo jwenn anbakasyon sa yo, fòk gen yon fason pou kolekte lajan pou itilizasyon anbakasyon yo, lajan ki pral sèvi pou antretyen anbakasyon ak yon règleman pou jesyon anbakasyon yo dwe klè epi jwenn akò tout pechè nan divès komin yo.

#### **Atelye pou planifye aktivite pwojè a.**

Pou byen planifye ak kòdone aktivite pwojè a, 28 ak 29 me 2009 pwojè a ap mete kanpe de (2) jounen atelye avèk 42 asosyasyon pechè ak machann yo te jwenn nan depatman sidès la. Pwojè a ap envite 3 manb nan chak asosyasyon pou vin patisipe nan atelye a. Se chak asosyasyon kap gen pou chwazi reprezantan lap gen pou voye yo. Nan sans sa, pwojè a mande pou chak asosyasyon voye byen bonè



*Foto yon tip flotè ak yon roulo kòd (ki fèt ak melanj asye ak polipwopilèn) DCP yo ki pral poze nan sidès la.*

yon lis ki gen non twa moun li chwazi pou vin nan atelye yo ; **se pi fò manb ki nan asosyasyon an ki dwe mete siyati yo anba lis sila.** Lòt moun nan lòt enstitisyon kap travay nan zafè pèch nan depatman sidès la ap gen pou envite tou nan atelye sila. Nan atelye sa a , pwojè a pral diskite ak reprezantan pechè ak machann yo sou kèk sijè enpòtan tankou :

- Yon Plan Daksyon Nasyonal pou

devlopman pèch maritim MARNDR te pwopozè nan jou ki te 20 fevrye 2009 la.

- Mete aklè divès wòl ak responsablite asosyasyon pechè ak machann yo ak CCS yo pou pèmèt devlopman pèch la nan Sidès la.

- Planifikasyon sou itilizasyon, jesyon ak antretyen DCP yo, anbakasyon yo ak lòt materyèl pèch pwojè a ap pèmèt

pechè yo jwenn pou yo sèvi.

- Idantifikasyon vrè bezwen pechè ak machann yo nan sa ki gen awè ak fòmasyon, ankadreman ak enfrastrikti fizik pou pèmèt devlopman pèch la nan Sidès la.

- Jwenn kèk mezi pou anpeche materyèl yo pèdi ak pou redwi dega siklòn konn fè



*Chita pale ant Direksyon pwojè a ak reprezantan asosyasyon pechè ak machann yo nan komin Bèlans pou diskite sou CCS la.*

## Plis enfòmasyon sou wòl ak responsablite asosyasyon pechè ak machann yo ansanm ak Komite Kominal Swivi a (CCS nan lang franse)

**Enpòtans chita pale genyen nan mitan pechè yo yon bò, ak nan mitan pechè yo ak lòt aktè ki gen awè ak pèch la yon lòt bò.**

Objektif jeneral pwojè « Ranfosman Pèch Maritim Sidès la » se travay pou devlope yon pèch atizanal amelyore e dirab nan avantaj pi plis moun ki nan kominote pechè ak machann yo nan depatman sidès la. Se sak fè pwojè a pap kapab chita pale ak chak grenn pechè ak chak

machann nan depatman sidès la ; chita pale a kapab rive fèt sèlman ak asosyasyon pechè ak machann yo. Pou jwenn yon bon rezilta nan chita pale sa a, fòk asosyasyon pechè ak machann yo nan sidès la kapab fè pwojè a konnen vizyon yo, tèt chaje yo ak bezwen yo. Fòk asosyasyon sa yo patisipe nan desizyon kap pran ak nan kòdinasyon aktivite yo andan pwojè a. Pou montre pwojè a ak tout asosyasyon pechè ak machann yo ap travay ansanm pou avansman pèch la nan depatman an, pwojè a pwopozè 4 chita pale sa yo, ki ta dwe fèt toutan:

**1- Chita pale nan mitan chak grenn asosyasyon sou pwoblèm fonksyonman asosyasyon an.** Fòk tou dabò manb yo nan chak asosyasyon pran tan pou rankontre, diskite sou pwoblèm fonksyonman chak asosyasyon, pou yo kap konnen

dwa ak devwa yo kòm manb, yo dwe patisipe ak tout fòs yo nan chwazi objektif ak vizyon asosyasyon yo, ak pou yo chwazi moun ki kapab chita pale aklè ak lòt asosyasyon yo ansanm ak lòt aktè ki nan zafè pèch nan komin nan.

**2- Chita pale nan mitan chak asosyasyon sou pwoblèm pechè ak machann yo ki nan asosyasyon an.** Lè pwoblèm sou fonksyonman asosyasyon an fin rezoud, pechè ak machann yo dwe pran ti tan pou chita pale sou pwoblèm ki gen awè ak pèch ak machann yo andan asosyasyon an. Epi reflechi sou divès solisyon ki posib.

**3- Chita pale nan mitan asosyasyon yo nan chak komin.** Aprè sa a, fòk reprezantan yo nan chak asosyasyon pran tan pou chita pale ansanm sou pwoblèm ki gen rapò ak pèch la nan komin nan, pou

kaba konfli nan mitan asosyasyon yo, pou mete aklè vizyon komin nan sou devlopman pèch la nan komin nan pou diskite, sou solisyon ki posib ak sou aktivite pèch lòt enstitisyon pwopoze.

**4- Chita pale nan mitan asosyasyon yo, pwojè a ak lòt aktè yo atravè CCS yo.** Lè chita pale nan mitan chak grenn asosyasyon ak nan mitan tout asosyasyon yo menm fin fèt, reprezantan chak asosyasyon pechè ak machann yo kapab sèvi ak CCS la pou rankontre reprezantan pwojè a mete nan komin nan, otorite lokal ki konsène nan zafè pèch la, ak tout lòt enstitisyon ak manb sosyete sivil la ki ta enterese nan zafè pèch la tou. Divès chita pale sa yo ap fèt pou:

- Pèmèt enfòmasyon ale tounen nan mitan pechè ak machann yo nan komin nan ak lòt aktè ki enplike nan devlopman pèch la.
- Fè lòt aktè ki gen awè nan zafè devlopman pèch la konnen, bezwen yo, tèt chaje yo ak pwopozisyon pechè ak machann yo ki nan komin nan.
- Fasilite idantifikasyon, kòdinasyon ak swivi devlopman pèch la nan komin nan. Defann enterè ak vizyon tout pechè nan komin nan.

## Ki vrè obligasyon pwojè « Ranfòsman Pèch Maritim nan Sidès la » genyen devan pechè ak machann yo ?

Vrè oblibasyon pwojè a genyen devan pechè ak machann yo se bay garanti lajan Koperasyon Espanyòl la ap sèvi nan transparans pou fè objektif pwojè a rive nan bout li, avèk patisipasyon pechè ak machann yo nan pran bonjan desizyon, nan sèvi ak bon teknisyen ansanm ak bon mwayen teknolojik tou.

## Kòman pechè ak machann ki andan asosyasyon yo kapab epi dwe ede pwojè a nan travay pou devlopman pèch la ?

Pi bon fason pou ede pwojè a se bay garanti asosyasyon yo ap fonksyone

kòm dwa. Bon fonksyonman sa se responsablite manb asosyasyon yo, men se pa pa pwojè a. Pechè ak machann nan asosyasyon yo dwe travay pou gen :

- Bonjan chita pale nan mitan pechè nan chak asosyasyon yo,
- Bonjan chita pale tou nan mitan chak asosyasyon yo nan chak komin yo
- Reprezantan asosyasyon yo ki nan CCS dwe kapab defann enterè pechè yo, fè vizyon yo pase epi patisipe nan planifikasyon ak kòdinasyon aktivite pwojè a dwe fèt aklè epi nan bon kondisyon.
- Pou sa rive fèt, pwojè a angaje l pou kore ak akonpaye asosyasyon ki ta vle jwe wòl yo byen. Pwojè a angaje l tou nan kolabore ak tout enstitisyon ki gen menm objektif avèk li. Asosyasyon oubyen kominote pechè ak machann ki pa pran responsablite l, malgre èd ak akonpayman pwojè a, ap gen pou rete deyò tout aktivite pwojè a, paske li ka deranje dewoulman pwojè a lòt asosyasyon ap benefisyè a.

## Ki kantite lajan pwojè a deja depanse rive mwa mas 2009 la?

Nan **34 milyon goud** ki la kounye a, gen anviwon **23,3 milyon goud** ki gentan depanse konsa :

- Gen **10,5 milyon goud** ki te depanse nan achte materyèl ak ekipman pèch. Nan lajan sa a gen **4,2 milyon goud** ki te depanse nan achte materyèl pou 16 DCP, **3,4 milyon goud** te achte 9 anbakasyon ak motè. Rès **2,9 milyon goud** yo te achte materyèl pèch pou te ede pechè nan depatman sidès la aprè gwo siklòn yo.
- **3,3 milyon goud** te depanse nan mete kanpe biwo sentral pwojè a nan DDASE ak pou te achte 2 machin ak 3 motosiklèt ekip la bezwen pou fè pwojè a mache.
- **2 milyon goud** te depanse nan fè kèk lòt aktivite tankou sansibilizasyon, akonpayman ak fòmasyon pou pechè ak machann yo.
- Rès **7,5 milyon goud**

yo, te depanse nan bay teknisyen ak espè travay nan pwojè a, nan frè fonksyonman pwojè a ak nan lòt aktivite dapwi pou Direksyon pèch la tankou òganizasyon atelye sou pèch ki te fèt jou ki te 20 fevrye 2009 nan MARNDR la ak patisipasyon peyi Dayiti nan yon konferans rejyonal sou pèch.

## Ki moun ki ap travay nan pwojè a?

### Direksyon jeneral pwojè a

Siyati	Fonksyon	Telefòn
W. Romain	Direkte	36873317
H. Vallès	Apwi teknik	38509624

### Pesonel administratif, logistik ak teknik

Siyati	Fonksyon	Tel. (biwo)
D. Assé	Enjenye sivil	36082595
E. Edmé	Contab	36082595
A. Etienne	Chofè	36082595
E. Garçon	Swivi anket	36082595
R. Lamour	Sekretè	36082595

### Agwonòm kòdonatè lokal yo nan pwojè a

Siyati	Komin	Telefòn
A. Amy	Grangozye	37343531
M. S. Azar	Kay-Jakmèl	37998610
Y. L. Brignolle	Jakmèl	36905284
M. L. Jn Louis	Marigo	37345760
J. H. Marseille	Benè	37580690
B. Moise	Kotdefè	38347758
S. Nicolas	Ansapit	37092950
B. Ulysse	Bèlans	37340810

### Anketè andan pwojè a

Siyati	Komin	Telefòn
K. Claude	Marigo	36510750
D. Deniejour	Jakmèl	37946882
J. F. Henry	Benè	37091795
J. I. Jn Louis	Belans	36892673
R. Jerome	Kay-Jakmèl	36236360
L. Lafortune	Grangozye	38061923
C. L. Pierre	Ansapit	37737690
J. L. Thomas	Belans	36342749
W. Valcin	Kotdefè	36791824

### Adrès kote nou ka jwenn enfòmasyon

1) Biwo Santral Pwojè a nan Jakmèl, 11 Ri Dèrakèt, Direksyon Depatmantal Agrikòl Sidès (DDASE),

2) Ministè Agrikilti nan Damyen, Rout Nasyonal # 1

Bilten sa a ap disponib sou sit entènèt  
Ministè Agrikilti a nan:  
[www.agriculture.gouv.ht](http://www.agriculture.gouv.ht)